



Pou Piblikasyon Imedya: 31/08/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE OSPITALIZASYON POU COVID-19, PASYAN ICU AK LANMÒ YO TONBE NAN NOUVO BÈS YO

Ospitalizasyon yo bese nan 418—Nouvo bès depi 16 mas

Pasyan ICU yo bese nan 109—Nouvo bès depi 15 mas

1 ka lanmò akòz COVID-19 nan Eta New York yè—Nouvo bès; yo pa rapòte okenn lanmò nan NYC

0.99 pousan tèl pou COVID-19 yè yo te pozitif; 24 jou dafile avèk to enfeksyon yo anba 1 pousan

SLA ak Fòs Entèvansyon Lapolis Eta a Vizite 1,110 Etablisman; Obsève 5 Etablisman ki Pa Konfòm

Konfime 656 ka kowonaviris adisyonèl nan Eta New York - sa ki fè kantite total nan tout Eta a rive 434,756; gen nouvo ka nan 41 Konte

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke ospitalizasyon akòz COVID-19 ak pasyan ICU (Inite Swen Entansif) yo te tonbe nan nouvo bès yo. Ospitalizasyon yo te bese nan 418, yon nouvo bès depi 16 mas, epi kantite pasyan ki nan ICU yo te bese nan 109, yon nouvo bès depi 15 mas. Yè, yo te rapòte yon moun te mouri nan COVID-19 nan Eta New York, ki se kantite lanmò ki pi ba nan yon jounen. Yo pa te rapòte okenn ka lanmò nan Vil New York. Chif nouvo ka yo, pousantaj tèl ki te pozitif yo ak anpil lòt pwèn done itil yo toujou disponib nan [forward.ny.gov](https://www.forward.ny.gov).

"Yè, nou te gen kantite ospitalize ki pi ba ak kantite nan ICU ki pi ba depi lè kriz sa a te kòmanse. Yon Nouyòkè te mouri epi fanmi Nouyòkè a nan panse ak priyè nou, men nou dwe pran yon moman poz sou reyalite sa a. Te gen yon moman kote nou t ap travèse kriz sa a lè nou te gen literalman plizyè santèn moun k ap mouri chak jou", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Epi mwen te mande Nouyòkè yo pou konprann reyalite a ak aji tankou responsab epi mwen te di ke sa lavni rezève, se sa Nouyòkè yo fè k ap detèmine sa. Ansanm, nou te plati koub la epi nou te sove lavi."

Yè, Otorite Alkòl Eta a (State Liquor Authority, SLA) ak Fòs Entèvansyon Lapolis Eta (State Police Task Force) te vizite 1,110 etablisman nan Vil New York ak Long Island

epi li te obsève 5 etablisman ki pa te an konfòmite avèk egzijans Eta a. Yon repatisyon nan vyolasyon yo obsève yè nan konte anba la a:

- **Queens** - 5

Enfòmasyon jodi a yo rezime an brèf anba la a:

- **Kantite Pasyan Ki Ospitalize** - 418 (-11)
- **Pasyan ki Fèk Entène nan Lopital** - 29
- **Lopital Konte yo** - 32
- **Kantite ICU** - 109 (-3)
- **Kantite ICU nan entibasyon** - 51 (+4)
- **Kantite Moun Total Yo Voye Lakay yo** - 75,100 (+38)
- **Kantite Lanmò** - 1
- **Kantite Lanmò Total** - 25,328

Sou 66,241 tès pozitif yo te rapòte nan Eta New York yè yo, 656, oswa 0.99 pousan, te pozitif. Pousantaj rezilta tès pozitif chak rejyon yo pandan twa dènye jou yo repati konsa:

REJYON	VANDREDI	SAMDI	DIMANCH
Capital Region	0.7%	0.6%	0.6%
Central New York	0.4%	0.8%	1.3%
Finger Lakes	0.5%	0.6%	0.4%
Long Island	0.6%	0.8%	1.2%
Mid-Hudson	0.8%	0.8%	1.3%
Mohawk Valley	0.6%	0.5%	0.3%
New York City	0.7%	0.7%	0.9%
North Country	0.2%	0.4%	0.2%
Southern Tier	0.4%	0.3%	0.7%
Western New York	1.2%	1.6%	2.0%

Gouvènè a te konfime tou 656 nouvo lòt ka kowonaviris adisyonèl, sa ki bay yon total 434,756 ka ki konfime nan Eta New York. Nan total 434,756 moun ki te teste pozitif pou viris la, repatisyon jewografik yo se jan nou pral site la a:

Konte	Total Pozitif	Nouvo Pozitif
Albany	2,770	6
Allegany	89	0
Broome	1,307	12
Cattaraugus	205	4
Cayuga	178	1
Chautauqua	394	12
Chemung	203	3

Chenango	228	1
Clinton	150	0
Columbia	569	0
Cortland	100	1
Delaware	115	0
Dutchess	4,865	13
Erie	9,872	65
Essex	129	1
Franklin	58	0
Fulton	311	0
Genesee	295	1
Greene	307	0
Hamilton	14	0
Herkimer	297	0
Jefferson	150	0
Lewis	49	0
Livingston	183	1
Madison	461	0
Monroe	5,452	9
Montgomery	206	4
Nassau	44,677	67
Niagara	1,618	6
NYC	234,237	268
Oneida	2,274	2
Onondaga	3,892	9
Ontario	391	2
Orange	11,433	15
Orleans	306	0
Oswego	303	8
Otsego	144	1
Putnam	1,501	1
Rensselaer	838	5
Rockland	14,255	22
Saratoga	844	2
Schenectady	1,263	3
Schoharie	69	0
Schuyler	26	0
Seneca	100	0
St. Lawrence	275	1
Steuben	315	0
Suffolk	44,820	57

Sullivan	1,529	8
Tioga	209	1
Tompkins	265	1
Ulster	2,175	7
Warren	321	0
Washington	267	0
Wayne	280	0
Westchester	36,984	35
Wyoming	126	0
Yates	62	1

Yè, te gen 1 ka lanmò akòz COVID-19 la nan Eta New York, sa ki mete total la ak 25,328. Repatisyon jewografik la se konsa, dapre konte rezidans:

Ka lanmò yo dapre konte rezidans	
Konte	Nouvo ka lanmò yo
Westchester	1

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
 Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)